

English	Haitian Creole
KNOW YOUR WORKPLACE RIGHTS:	KONNEN DWA OU NAN ESPAS TRAVAY OU:
Discussing Your Pay	Fason pou Diskite sou Salè Ou
Under the National Labor Relations Act, you have the right to talk about your pay with your coworkers, the media, a union or worker center, a government agency, or the public.	Anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay, ou gen dwa pou pale sou salè ou avèk kamarad travay ou yo, medya yo, yon sendika oswa yon sant travayè, yon ajans gouvènman, oswa piblik la.
You have the right to join with your coworkers to seek higher pay or complain about pay inequity—including on social media platforms.	Ou gen dwa pou fè yon sèl avèk kamarad travay ou pou chèche pi gwo salè oswa pou plenyen konsènan inegalite— tankou sou platfòm medya sosyal yo.
It is illegal for your employer to retaliate against you in any way for this activity—like making you perform more difficult job duties, writing you up, suspending you, or firing you.	Li ilegal pou patwon ou fè vanjans kont ou nan nenpòt fason pou aktivite sa a—tankou egzije ou fè plis aktivite difisil nan djòb ou, repwoche ou, sispann ou, oswa revoke ou.
Is it illegal for your employer to have a policy prohibiting you from engaging in this activity, to tell you that you can't engage in this activity, or to ask you to sign your rights away.	Li ilegal pou patwon ou gen yon règleman pou entèdi ou angaje nan aktivite sa a, pou fè ou konnen ou pa kapab angaje nan aktivite sa as, oswa pou mande ou pou siyen pou renonse dwa ou.
The National Labor Relations Board is an independent federal agency that protects the rights of private sector employees to join together, with or without a union, to improve their wages and working conditions.	Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans federal endepandan ki pwoteje dwa anplwaye sektè prive a pou òganize yo ansanm, avèk oswa san yon sendika, pou amelyore salè yo ak kondisyon travay yo.